ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№12 (22.670) ● 2014 гъэм щІышылэм (январым) и 24, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Зыпэрыт къулыкъур щапхъэ хэлъу зэрыраухьэкІым икІи оперативнэ лэжьыгъэм ехьулІэныгъэхэр кьызэрыщахьам папщІэ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыну

Бечелов Магомед Ражаб и къуэм - Урысейм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі э и министерствэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык къалэм щыІэм и полицэм и унафэщІым и къуэдэм (жылагъуэ хабзэр хьумэныжкІэ)

Павлов Алексей Виктор и къуэм - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі э министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и полицэм и унафэщІым и къуэдэм (оперативнэ лэжьыгъэмкІэ);

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и юрист» щІэ льапІэр фІэщын

Къуэдз Оксанэ Іэбубэчыр и пхъум - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі э министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и правовой Іэнатіэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щІышылэм и 20-м
№17-УГ

ТкІийуэ щытопсэлъыхь

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ мэкъумэш Іэнатіэхэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ къызыкьалэнхэр щызэпкъраха зэІуищІ.

АР КЪЫЩЫЗЭЙИХЫМ кІэщІу кьытеувІащ зытепсэльыхьыну Іуэхугъэм мыхьэнэшхуэ зэрИэм, абы икІэщІыпІэкІэ хуэфащэ унафэ кьыхуагъуэтын зэрыхуейм.

- Иужьрей илъэсхэм а Іэнатіэм ныкъусаныгъэ инхэр щызэтрихьащ, щІым и зехьэкІэм, гъавэ щІапІэхэм я нэхъыбэр кьулейхэм зэрызэІущІалъхьам, кьуажьдэсхэр абыхэм зэрыхуимытыжым республикэм и цІыхухэр егъэгубжь икІи захуагъэр зэфІагъэувэжыну кьагъэув. Кьулыкъу кьыщІыдатар ар пэжу, нэгъэсауэ, гугъэзагъэу етхьжІын щхьэкІэщ, армыхъумэ, ди щхьэ Іуэхуэкі э кьэдгъэсэбэныр хуейуэ аракъым. Апхуэдэхэм дяпэкІэ хабзэм тету тІкІийуэ дабгъэдыхьэнущ, - кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм.

Абы и пэублэ псалъэм и ужькІэ, кьыхалъхьа Іуэхугъуэм теухуауэ зэхьыхь

«Балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкі комиссэхэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм къащыщхъэщыжыным, балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкі комиссэхэр кьызэгъэпэщыныжьмкі, абыхэм я хуитыныгъэхэм кьащхъэщыжьныжьмкі къэрал полномочие щхьэхуэхэр щыІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм етыным я Іуэхукі» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 14-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым хэгъэзауэ

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. «Балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкі комиссэхэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм къащыщхъэщыжьным, балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкі комиссэхэр кьызэгъэпэщыжьмкі, абыхэм я хуитыныгъэхэм кьащхъэщыжьныжьмкі къэрал полномочие щхьэхуэхэр щыІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм етыным я Іуэхукі» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 14-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законыр кьэщтэн.

2. А Законыр Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ
ЧЕЧЕНОВ Ануар

2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1769-П-П

«Балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкі комиссэхэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм къащыщхъэщыжьным, балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкі комиссэхэр кьызэгъэпэщыжьмкі, абыхэм я хуитыныгъэхэм кьащхъэщыжьныжьмкі къэрал полномочие щхьэхуэхэр щыІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм етыным я Іуэхукі» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 14-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым кьиштащ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м

1 статья. «Балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкі комиссэхэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм къащыщхъэщыжьным, балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкі комиссэхэр кьызэгъэпэщыжьмкі, абыхэм я хуитыныгъэхэм кьащхъэщыжьныжьмкі къэрал полномочие щхьэхуэхэр щыІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм етыным я Іуэхукі» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м кьащта Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №81-РЗ-м и 14-нэ статьям мы кьыкІэлыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. Ныхъэ 2-р мы кьыкІэлыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Щыналъэ комиссэхэр кьызэрегъэпэщ муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэм.».

2. Ныхъэ 4-м хэт «муниципальнэ щІыналъэм и Іэтащхьэм и унафэкІі» псалъэхэр зэхъуэкІын «муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэм» жиІэу.

2 статья. Мы Законым кьару егъуэт официальнэу кьыщыгъэзащІэ махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№ 92-РЗ

«Цыхуэхэм Іэнатіэ зэмылІэужьыныгъуэхэм зыхуагъэзэнымкІэ Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щаІэ хуитыныгъэхэмкІэ шэсыпІэу щІэуэ ягъуэхэм я Іуэхукі» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 5-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым хэгъэзауэ

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ еІі:**

1. «Цыхуэхэм Іэнатіэ зэмылІэужьыныгъуэхэм зыхуагъэзэнымкІэ Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щаІэ хуитыныгъэхэмкІэ шэсыпІэу щІэуэ ягъуэхэм я Іуэхукі» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 5-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законыр кьащта махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ
ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1771-П-П

«Цыхуэхэм Іэнатіэ зэмылІэужьыныгъуэхэм зыхуагъэзэнымкІэ Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щаІэ хуитыныгъэхэмкІэ шэсыпІэу щІэуэ ягъуэхэм я Іуэхукі» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 5-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым кьиштащ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м

1 статья. «Цыхуэхэм Іэнатіэ зэмылІэужьыныгъуэхэм зыхуагъэзэнымкІэ Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щаІэ хуитыныгъэхэмкІэ шэсыпІэу щІэуэ ягъуэхэм я Іуэхукі» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щаІэ хуитыныгъэхэмкІэ шэсыпІэу щІэуэ ягъуэхэм я Іуэхукі» 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м кьащта Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 5-нэ статьям мы кьыкІэлыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. Ныхъэ 2-м хэт «пощтри» псалъэр зэхъуэкІын «е пощтым» жиІэу.

2. Ныхъэ 3-нэ дэщІыгъуэкІи, мы кьыкІэлыкІуэм хуэдэу ите:

«3. Нэхъ ящэкІи щІэгъэкІэ е псалъэкІэ зэрызыкьыхуагъэзэнымкІэ ипкъ иткІэ мызэмыгІэу тхыгъэкІэ е псалъэкІэ жуэп зратыжа Іуэхур цІыхум псалъэкІэ зэрызэкьыхуигъэзам аргуэру кьыщиІэтмэ икІи абы тегъэщІапІэу е Іуэхуу щІэуэ зыри кьимыхьмэ, кьэрал органым, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органым и унафэщІым, кьулыкьу зыІыгъ ящІ. Абы и нэхьыбэ дыдэр сом мелуаным щхьэдэмыхьи, ар къеІэзыхьам ильэсым хуэзэу ахъщащхьэм ищхьэкІэ трилъэхьжьын хуейуэ кьыпаубыдыр процентн 10-щ.

Хъэрычэт курытымрэ мащІэмрэ ахъщэкІэ защІэгъэкъуэным хуэгъэзауэ банкэм епхауэ щымыт Іуэхущ1апІэхэр ди республикэм кьызэрыщызэрагъэпэщрэ куэд щІакъым. Ахэр кьыщыуэнэхуар республикэм и Правительствэм «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм мыльку мащІэ зыбгъэдэль организацэхэм защІэгъэкъуэным и Іуэхукі» унафэр кьыдигъэкІа нужькІэщ. Апхуэдэ щІыкІэм тету, къэралым хъэрычэт мащІэ зезыхьэхэм Іэмэпсымэщ1э кьэзыщэхухэмрэ, нэгъуэщІхэри.

Фондым щІыхуэхэр мазэ 12-кІэ яІыгъыну ярет. Абы и нэхьыбэ дыдэр сом мелуаным щхьэдэмыхьи, ар къеІэзыхьам ильэсым хуэзэу ахъщащхьэм ищхьэкІэ трилъэхьжьын хуейуэ кьыпаубыдыр процентн 10-щ.

Хъэрычэт курытымрэ мащІэмрэ ахъщэкІэ защІэгъэкъуэным хуэгъэзауэ банкэм епхауэ щымыт Іуэхущ1апІэхэр ди республикэм кьызэрыщызэрагъэпэщрэ куэд щІакъым. Ахэр кьыщыуэнэхуар республикэм и Правительствэм «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм мыльку мащІэ зыбгъэдэль организацэхэм защІэгъэкъуэным и Іуэхукі» унафэр кьыдигъэкІа нужькІэщ. Апхуэдэ щІыкІэм тету, къэралым хъэрычэт мащІэ зезыхьэхэм Іэмэпсымэщ1э кьэзыщэхухэмрэ, нэгъуэщІхэри.

Фондым щІыхуэхэр мазэ 12-кІэ яІыгъыну ярет. Абы и нэхьыбэ дыдэр сом мелуаным щхьэдэмыхьи, ар къеІэзыхьам ильэсым хуэзэу ахъщащхьэм ищхьэкІэ трилъэхьжьын хуейуэ кьыпаубыдыр процентн 10-щ.

Зи гугъу тщІы кьызэгъэпэщыныгъэхэр хъэрычэт мащІэм зэрыдэІэпыкъу мылькур кьызыхахьи муниципальнэ фонду 13-рэ кредит щат кооперативу 30-рэ ди республикэм мы зэманым щолажъ.

Прохладнэ щІыналъэм хъэрычэт мащІэм дэІэпыкъунымкІэ щыІэ муниципальнэ фондым и хэщІапІэр мырау: Прохладнэ кьалэ, Гагаринымк и щІэр зезыхьэ уэрам, 47, тел: 8928076279 7. Фондым и унафэщІыр Садовенко Галинэщ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

● Прохладнэ щІыналъэ

ЩІыхуэкІэ зыщІагъакъуэ

Прохладнэ куейм и щІыпІэ администрацэм хъэрычэт мащІэм дэІэпыкъунымкІэ и муниципальнэ фондым гъэ блэкІам и нужьрей мазищым кьрипубыдэу псори зэхэту сом мелуани 5,15-рэ хьу щІыхуэхэр абыкІэ зи лэжьыгъэ езыгъэфІэкІуэну мурад зыщІа щІыхуэ 12-м яритащ.

КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм зэбгриГъэха хьыбарым кьызэрыхэщымкІэ, щІыхуэ къэзыщтэхэм яхэтщ мэкъумэшым елэжьхэр, щІыхуэхэм Іуэхутхьэбзэ яхуэзыщІэхэр, сатум пыщІахэр, я Іэнатіэм зрагъэужьыным папщІэ ухэныгъэщІэ кьэзыхьжьхэмрэ Іэмэпсымэщ1э кьэзыщэхухэмрэ, нэгъуэщІхэри.

Фондым щІыхуэхэр мазэ 12-кІэ яІыгъыну ярет. Абы и нэхьыбэ дыдэр сом мелуаным щхьэдэмыхьи, ар къеІэзыхьам ильэсым хуэзэу ахъщащхьэм ищхьэкІэ трилъэхьжьын хуейуэ кьыпаубыдыр процентн 10-щ.

Хъэрычэт курытымрэ мащІэмрэ ахъщэкІэ защІэгъэкъуэным хуэгъэзауэ банкэм епхауэ щымыт Іуэхущ1апІэхэр ди республикэм кьызэрыщызэрагъэпэщрэ куэд щІакъым. Ахэр кьыщыуэнэхуар республикэм и Правительствэм «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм мыльку мащІэ зыбгъэдэль организацэхэм защІэгъэкъуэным и Іуэхукі» унафэр кьыдигъэкІа нужькІэщ. Апхуэдэ щІыкІэм тету, къэралым хъэрычэт мащІэ зезыхьэхэм



Харачой къуажэр.

Сэ фІыуэ къызгуроІуэ мамыр гъащІэм сызэрыхэмызэгъэжынур. Сыкъригъэлынун гущІэгъу къыскуищІынуи зыми сыщыгугъакъым. Ауэ сигу зэгъэнут си лъэпкымрэ цІыхубэмрэ ящІамэ, сэри, си адэри, си къуэшхэри, адрей си ныбжьэгъуэхэри абрэджу дыкъызэрамылъхуар.

ЗАЛЫМХЪАН

**«Абрэдж» псалъэм мыхьэнэ зыбжанэ иІэщ, кІэщу къежьэрэ жыжьэ нэсу. Кавказ зауэм и лъэхъэнэм урысым гухьэн зымыдэу, зи хэку зыхъумэж псори «абрэджт». Ауэ Кавказым и кІуэцІкІэ кьапщтэмэ, абрэджи гъащІэр и хэнЫлІэ закъуэт Іуэху зэхэзэрыкьам (псалъэм папщІэ, лъыщІэжым) хэпщІауэ и псэм тешыныхьым. Ё пцІы зытралъхьам джакІэ - зэрызахуэр наІуэ къэхужыкІыу. Кьуаншапэу щытми, и Іитйыр иридзыкъу зригъэжьыныр хьэмэрэ сабийм?э щІыхуб5мырэ «я кІэ къуагъ къуэсу» ажалым ежьэу унэм щІэсынир сыт хуэдэ зэманк цІыхухъу хьэлу кьалъытэртэкъым. ЦІыхубэм я гупсысэкІэм, хабзэм, зыхэпсэукІ зэманым и тКІиягъым елъытауэ, абрэджыр зэм пэжым и тельхъэ щыщкъэмыгьаэзщ, къэралым и унафэм емыдаІуэми, захуэу ябжу. Ё, дунейр мамырэ, гъащІэм зэрыхэмызэгъэфымкІэ и мыкІуэмытагъыр щІэныхьуэмэ, и уиз кьалэнхэм елъэпэуэну щхьэусыгъуэ къэзылыхьуэ «хьэулейщ», апхуэдэ щапхьэкэрэ мащІэкъым.

Адыгэу пІэрэ ар?

ЯПЭРАУЭ, Гушмазукаев Залымхъан адыгэ къуэпсым кьытекІауэ гурыщхьэу зэрящыІэракъым абы и гуугъу щІэтщІым и щхьэусыгъуэр. Кавказ псом щыІэрыІуэ, адыгэ уэрэдыжь зыхуауса абрэдж цІэрыІуэр дунейм кьызэрытехьэрэ 2013 гъэм илъэс 70-р, зэрехьыкрэ илъэси 100 ирикъуащ. Итлани «Гушмазукаев» унэцІэмрэ Кушмэзокъуэхэ я лъэпкъыцІэмрэ зэрыхэтехуэр зэбгъэдэхэнымэ гугъэщІ, ту зыльытапхъэ хуэдэу ари тхыдэр зи щІасхэм ягу кьыдогъэкІыж. «Мы гуэрри адыгэу къыщІрагъэдзащ» кьыгхужамыІэн папщІэ, Іуэхум куууэ зедгъэубгъуркъым, ауэ дзэр здэтхьыныр кьуажищ и нэхъыбэ зиІэ Кушмэзокъуэхэ зэрагъэкІуэда тхыдэ напэкІуэцІыр?! Зауэм и кІыхьагькІэ щтапІэ адэ-модэкІэ щихьэжа бгырыс унагъуэшхуэхэр Кавказ лъэпкъхэмрэ дунейм и Іапэлъапэхэмрэ хэгуэша зэрыкьыар?!

«Къэбэрдейхэмрэ вайнаххэмрэ» лэжьыгъэм тхыдэдж ныбжьыщІэ Гельхаевэ Мадинэ щыжеІэ: «Шэшэныжмрэ Къэбэрдеймрэ я зэныбжьэгъугъэм XVIII лІэщІыгъуэм щегъэжьауэ пащтыхь хабзэ-кьумэхэр игъэгъазэрт, я зэхуаку Іэщхьі дыхьэным щытегущыуэ кьэхъуу. Къэбэрдейр сату Іуэхукі бутІыпщ мыхъун кьуэпст. Мышкъыщхэм (ингушхэм) абы щыгъуэр щэкІрэ кьыщащэхурт, шэшэнхэм - шы лъэпкъыфІхэр. Къэбэрдейм щыщ куэд Тэрч, Шалий, Джэрэзэнщыкі псы-ежэхэхэм Іус щэщэн кьуажэхэм дэтІысыкъэрт, вайнаххэри къэбэрдеищІхэм Іэпхъуэхэрт, благъаръкІи зыззэпащІэрт».

ЛІыхъужьым и уэрэд

Залымхъанкі ззэджэр щэщэн абрэджи.
Шы гъуабжэм утесу кьакІуи зыдгъэльагъу.
Шы гъуабжэм утесу кьакІуи зыдгъэльагъу.

Шы гъуабжэ лькъуэхур жэрыгъэм хуэнахуэщ,
Абрэдж Залымхъаныр лІыгъэкІэ гъэнэхуащ.
Абрэдж Залымхъаныр лІыгъэкІэ гъэнэхуащ.

Офицар ухуэзэмэ, я щхьэр хуфІогъащІэ,
Тхьэмыщкі э ухуэзэмэ, яшхэр хущІощІэж.
Тхьэмыщкі э ухуэзэмэ, яшхэр хущІощІэж.

Быным я нэхъыкІэр тетым кьегъэльапІэ,
Быным я нэхъ льапІэр абрэджу ежьажащ.
Быным я нэхъ льапІэр абрэджу ежьажащ.

Къуршыжьым и гуэнэм кІапсэкІэ унохьэ,
Дунейм укьыстехьэмэ, бийхэр мэгулэз.
Дунейм укьыстехьэмэ, бийхэр мэгулэз.

Залымхъан полкыр кьуршым щызэрешэ,
Щэщэн Залымхъаныр абрэджр мышынэжщ.
Щэщэн Залымхъаныр абрэджр мышынэжщ.

Псэри напэри

ЗАЛЫМХЪАН и абрэджыгъуэр зыхиубыдар Кавказ зауэмрэ Жэпуэгъуэ революцэмрэ я зэхуаку дэт тхыдэ Іыхьэрщ. Ау, кьрамыгъуэбыдын папщІэ, ягъэпщкІуурэ лей зытезыгъэхьахэм я бжыгъэм уеплъмэ, Іупщі мэхъу лъэхъэнэм и дыджагъэу щытар. Абрэджым бэлыхь ин дашэчыр, итлани лей зезыхьэ тетыгъуэм пэщІэуэфэн гуэр зэрыщыІэм цІыхубэ дэжьуэзам игу иІэзагъэрт, Іэпхъалъпкъкі эрадуда бэр псэкІэ цІыхьэиту кьанэрт, уэлбанэр иухыу уэфі кьыщыхьунум пэплъэфу. Аращ абрэджыр здэщыІэр пащтыхь хабзэхьэхэм кьажеэзыІэм цІыху щэщэн лъэпкъым илъэс 13-кІэ кьащІыхэмыкІар. Дауи, хьунщІэнымрэ цІыху укІынымрэ кьапыкІа мыльхур тхьэмыщкІэхэмрэ зеиншэхэмрэ зэрахуэбгъуэ кьудейм ар хьэлэл ищІыркъым. Пащтыхь хабзэхэм ящ иткІи, Залымхъан тезыр къэзылэжь щІэпхъаджащІэт. Ауэ хэт хьунут а пащтыхьыр езыр? ЗэпхъуакІуэтэкъэ?! Бгым джэдыкІэкІэ еуэм зэгъэзэхуэщхуэ зэрыхэмылъыр гурыІуэгъуэщ, а бгыр зэгуиудын мурад иІэмэ. Залымхъани ищІэрт зызыпшІыхэм зэратемыкІуэнур. Ар, езыми зэрыжиІащи, щхьэхуимыту зыхэхуа арэхьуанэ зыщІримыгъэлъэфэну еныкъэжьку кьудейт, абрэджр гъащІэр кьы-Іэрыхьа щхьэкІэ, кьыхихатэкъым. Хахуэр лы-*

нейм екьижам и псэр хэмыкІ щыкІэ ирихьэлІэу, абы сэрэ си кьуэшттымрэ, си адэр ди гъусэу, дигъэкъэжнша хуэдэу иІэтащ. Атхуэдэу, хабзэкІэ дыззэрыбгъэкъуэншэн щхьэусыгъуэ кьыкъуэжащ. Судым пІлыри мысэу дыкьылытэрэ дагъэтІысащ. Си зы кьуэцІыр хьэпсым иІлыхьащ, адрейр дызэдаша хамэ щІыпІэм щыпІащ. Сэ сыкъыщІэпхъуэжащ, зы мурад фІэкІа симыІэу - ди унагъуэм кьытехьа лейр зи Іэ кьыкІа и капитаным кьызэщІар есщІэжьну. Мис апхуэдэ щІыкІэкІэ Харачой дэс къуажэдэс кьаугъэнщэр Харачой щыщ абрэдж Залымхъан хьуащ. КІуэ, иджыпсту хуэдэу цІэрыІуэтэкъым иджыри.

ЗАЛЫМХЪАН теухуа хьыбархэр цІыхубэм я щІасэ индие фильмхэм ещхьщ, фІыр Іейм эзрытекІуэм уи гур игъэзэгъэрэ лей зумыхьэным ужьыхуриджэу. ТкІиигъэуэм ткІийр щабэгъуэми щабэщ, цІыхугъэ хэлъмэ. Залымхъан лЫ хахуэр гумахэу зэрыщытар езым иБзыщІыну хэта пэтми, Іуэрыйуатэ хьужащ абрэджыр урыс уэрэджьыкІуэ Шаляпин Фёдор Іущауэ зэрыщытар. Гъэру ябубдауэ гуимэм исхэр зригъэщІыху пэтрэ, уэрэджьыкІуэм и ІэщІагъэр кьыщиІуатэм, Залымхъан абы уэрэд кьыжриІэну елъэІуащ. Шаляпиним зимыІэжьэу «Къасболэт щэджащэ» лІыжьыкІэ уэрэдыр, щэщэн абрэдж цІэрыІуэм теухуар, кьыжриІащ:

Егящ абыхэм Къасболэт:
ЗэвгъащІэ ди кьрым фочхэр
Дамэу дэ зэрыттетыр.
Сэшхуэхэр ди лъэбжьанэщ
Ди псэр пытун зыттынукъым...

Кушмэзокъуэ Залымхъан-абрэджыр

1864 2014

Накьыгъэм и 21

Залымхъан ныбжь зэхуэмыдэхэм тращыкІа сурэтхэр.

Залымхъан.
Сурэтыр 1912 гъэм трахащ

хьужь зыщІыр текІуэныгъэра? ЗакьуэтІакьуэхэщ хэкІыпІэншагъэм Іуплъэфым и лІыгъэм кьуенткъыщхьэ кьыщІихьэ. Ауэ лей зезымыхьэм сыт фІамыщІри, зэгуэр абы и щыуагъэхэр тхыдэм кІэрехри, и хужьыр кьущІегъэщІыж, Залымхъан хуэдэуи, ІуэрыйуатэкІэ егъэфІэж.

«Пэжыр жьаІэнщі, Залымхъан большевикэм зэрагугъэм хуэдэу, пащтыхь залымым пщІэт бэнакІуэ лІыхъужьу сэ зэн кьэсльытакъым, - жеІэ абрэджым и гъащІэм тхыдэ роман тезыуха шэщэн тхакІуэ Мамакаев Магомед. - Апхуэдэ дыдэу сэ сьбжакьым ар щыщІэныгъэ лъэпкъ зимыІэ, хьэлрэ щэнкІэ кьызыхуэтэнщэ цІыхууи. Хэти хуэдэу, абы и гъащІэм хэзщ щыуагъэрэ щыщІегъуэжьын куэдрэ. Ауэ гъунэгъуу ззэгъэщІхунт жьыпІэрэ упкъыпІпыхьмэ, мы абрэдж емыльыджьым гу щабэ, псэ хьэлэл зиІэ, гуэныхьэхэм защъызыдзей, нэпсеягъэм хуэхэл цІыху уегъэльагъу, ззэзмызэ сабий гу пцІанэхэр уигу кьиГъэкІыжу. Залымхъан пхъэІэщэр зэи игъэтІыльакъым, лэжьыгъэр и щІасэт, ауэ залымыгъэ щитыгагъуКІэ, ар кьиКІуэт зымыщІэж цІыху пхъашэт».

Шаляпиным и нэгу щІэкІар

ТЕТЫГЪУЭМ емыдаІуэ псори кьуаншэщ. Ар кьызыгурыІуэ щІэпхъаджащІэм е кьытехуэ тезыгыр ешэчри зеухеиж, е и кьарум кьыгъэгугъэмэ, зегъэпщкІу. Кьуаншэу зимыбжьыжмэщІэ? «Дыгъур фубыд» жызыІэр езыр дыгъуэгъуакІуэмэ, сыт хуэдэ ззэпсыгъэщыжьнур, залымыгъэр езымыгъэхьиф уи тэмакъым нэмыщІ?

Къэрал Думэм и унафэщІу щыхъ зиІэ зиусхьэным деж
щэщэн абрэдж Залымхъан кьыбгъэдэкІыу

ЛЪЭІУ (ПЫЧЫГЪУЭ)

Иджыпсту Кавказым щекІуэкІ хьунщІэхэмрэ ззэхуэхэмрэ я ятеухуа хьыбархэр Къэрал Думэм хэтхэм я гупсысэм зэрыхэмыкІым кьыхэкІыу, депутатхэм яфІэгъэщІэгъуэн кьыщІэкІынщ сэ, Тэрч, Дагьыстэн областхэм нэхъ щыцІэрыІуэ абрэджхэм я зыр, апхуэдэ гъуэгу сытетхэныгкІэ щхьэусыгъуэ схуэхьуар.

Зиусхьэн депутатхэм си гъащІэ ябгъм и кІуэкІэр кьагурыІуэн папщІэ, сыкьыщалъхуамрэ си унагъуэмрэ я гугъу тІэкІу сымыщІу хьунукъым. Сэ Ведено районым, Тэрч областым хьыхь Харачой щэщэн кьажэм сыкьыщалъхуащ. Си хьыбарыр кьыщежьэ 1901 гъэм ди унагъуэм жьыхуегъэзэкІ хьуа си адэмрэ сэрэ, си кьуэшттІыр ди гъусэу, дист. Си зы кьуэшыр щалэшхуэт, адрейр цІыкІу дыдэт. ИльэсенщэрикьуА адэшхуэри кьытщхьэщытт, хуэкьулейуэ дыпсэурт. Бгырыс унагъуэ хуэщІам иІэ псори дэри диІащ, дызыхуэмыныкъуэІуэр, нэгъуэщІым иІэм демыхьуапсэу. Ауэ гуэзвэгъуэ кьэхъащ. Си кьуэшым и кьэшэныр и щхьэусыгъуэу, кьужьэзэс гуэрхэм дэрэ ди зэхуаку кьыгъэ кьыдэхъуэри, зэрызехьэм си благъэ хьэкІуэдащ. Дэтхэнэ щэщэнми и кьалэн льапІэщ апхуэдэ щыкІэкІэ дунейм екьыжа Іыхьлым иль ищІэжьыну. Урыс хабзэхэм цІыху букІынкІ зэримыдэнур сщІэрти, жащу, щыкъэт симыІэу, нэщІ мазэм и гъэм силь сщІэжащ. Псомэ я гур псэхуэжащ: кьэхъуи хуейр кьэхъуакІэт, кьанлыр (лыщІэж зытехуэр) арэзыти, кьауГъэр кьэувыІапхъэт, псори дызэкІуэжу. Ауэ ди Іэгъуэблагъэм и унафэщІ капитаным Іуэхур кьрихьжьэри, ду-

«Уэращ япэу си нэпс зыльэгъуар, сумыІуэтэж», - кьельэІуащ хуит ищІыжа уэрэжьыІакІуэм абрэджыр. Шаляпиним и псальэр игъэпэжащ: 1938 гъэм, ильэс 25-рэ дэкІуэу, и псэр зэкІын и пэ жиІэжауэ аращ Залымхъан зэрыІуІащэу щытар.

«Лей зумыхьэ»

ЗАЛЫМХЪАН бийм теуэн и пэ «Лей зумыхьэ» жиІэу тхыгъэ кІапэ хуригъэхьыт. Шимыгъэтмэ, щытеуэну зэманымрэ щІыпІэмрэ жриІэрт. Абрэджыр и псальэм тетыж щхьэкІэ кьэмынэу, бийр зэкъуэхуауэ кьыІэрыхьэ зэпытт. Псальэм папщІэ, 1910 гъэм Кизляр банкыр ихьунщІэну зышІгъэхьэзырым, хабзэхьумэхэм хьыбар яригъэщІащ, ар дапщэщ кьэхъунуми. Абрэджым апхуэдэ щыкІэкІэ цІыхубэр игъэгушхуэрт, еудыхауэ я гъащІэр езыгъэхъ бийр зэрыкъэрабгъэкІэ кьагуригъаІуэу.

Жэм зэщІэсым сом 60-т и уасэр а зэманым. Залымхъан и щхьэ уасэу ягъэувар сом мини 5-м кьыщыщІидзэри мин 18-м нэсат. Шэшэн кьуажэ зыбжанэм дэсхэм тезыр япшынырт, удын кьэди кьалысырт абрэджыр здэщыІэр зэрабзыщІым кьыхэкІыу. Куэд дыдэ, езым и унагъуэри яхэту, Хэкум ирашащ а щхьэусыгъуэ закъэмкІ. Ильэс 13 текІуэдащ Залымхъан кьабубдыным. ИкІэм-икІэжьым кьызэраубдыари гъэпщІагъэкІэщ.

Абрэджыр кьеэзымыгъэубыдыф Іэмалхэм яхэт абы гуп хэха зэримыІэр. ЗыщІыпІэ теуэну мурад ищІа нэужьт хэтынухэмрэ зэрыкІуэну щыкІэмрэ щичбзыхур. Гъусэхэр гъуэгу тету зэрагъэуІурт. НэгъуэщІ жьпІэмэ, гупкІэ ззэджэнур зы махуэ-махуитІ зэхэту арат, итІанэ кьуажэкьуажэкІэрэ ззбгрыкІыкхэрт.

Залымхъан щыжейр кьащІэуэрэ теуащ мызэмытІэу. КьыщІамыубыдыфым и щхьэусыгъуэр зыт: урыс зауэлІэр я псэм тешынихьырти, абрэджыр, яІэщІэжІа хуэдэу, гъуэгу иратырт. ИужькІэ дзэшхуэ игъусауэ, шэшэнхэр хьумпІэ-маным. ЦІыхухэм тезырышхуэ ятрилъхьат, куэд игъэтІысат, кьыбгъэкІурт кьуажэ 37-рэ яГъэІэпхъэуну. ЩхьэусыгъуэрЗалымхъан зэрагъэпщкІурат.

ЗАЛЫМХЪАН ГАЛАЕВ-ПОЛКОВНИКЫМ ЯПЭУ ХУЕТХ (ПЫЧЫГЪУЭ):

... Уи щхьэм дагъэ итыж кьыщІэкІынкъым, пащтыхь унафэм сытри хуэзфІэкІыну кьыщыпщыхьукІэ. УкьІутэркъэ лажьэ зимыІэ цІыхуэхэр бгъэкъуэнщэну? Сыт а сабийхэр щумыгъэпсэур? Ей, унафэщхэ! Ей, хеящІэхэ! Ф? Іуэхуэхэр пэжжу зывохь? Сыт захуэмрэ кьуанщэмрэ пэжу щІыпІэхэмыгъэкІыр, сыт лажьэ зимыІэ сабийхэм тезыр щІатефІьхьэр? Дэнэ фыкІуэн? Сэ сыпсэуху, зыщІыпІи фыкІуэнукъым. Сыкьэфцыхуркъэ? Щыхуфэм я Іуэху зезыхуэ Залымхъаныр сэращ. Кьуаншхэр соуКІ, захуэм сеІуэрКъым. Хабзэм фемыбакъуэ, вжьзоІэ. Кьэфцэта унафэ нэпцІхэм фыхущІегъуэжынщ. Ей, полковник! Уэрэ сэрэ дыкьъзыгъэщІа зы Алыхьым и цІэкІэ сынольэІу цІыхуэхэрэ сэрэ дяку кьаугъэ кьыщумыльхьэну. Сабийхэмрэ цІыхубзхэмрэ умыгъэгъыным и пІэкІэ сэ кьыззбгъыным нэбгъэсахэщ: «Тхьэм кьаригъэуфыдри яригъэукІ», - кьыскужаІэ. Ахэр хуэншэжьым...

Мыбы кьеджам Алыхьым и нэфІыр кьыщыхуэ...

ЗАЛЫМХЪАН ЕТІУАНЭУ ГАЛАЕВЫМ ХУЕТХ:

... Мыр иужьрейуэ ныпхуэстхыу аращ. Мыгувэу укьыззрызгъэгугъар Алыхьыр си щІэгъэкъуэну згъэпэжынущ. ПщІэуэ кьыщІэкІынщ уэ пхуэдэ дыдэ полковник Добровольскэм есщІар... Лажьэ зимыІэ цІыхуэхэр къэутыпІщыжи, уэ Іуэху зесхуэнжьыкъым. УкьызэмыдаІуэмэ, уэзрыслэщІэкІуэдэнум шэч кьытумыхьэ...

Галаевымрэ Залымхъанрэ зэманыр ираклэжІащ, зыр адрейм ещанІэу. ИтІанэ кьэхъуарти кьыщІэхъуари Къэрал Думэм и унафэщІым езы Залымхъан хуитха тхыгъэм, ищхьэкІэ къэтхьам, кьыщІиІуэтэжащ:

ЗАЛЫМХЪАН КЪЭРАЛ ДУМЭМ ХУЕТХ (ПЫЧЫГЪУЭ):

... АдэкІэ, щыхъ зыхуэсщІ зиусхьэн, бжесІэжьынщ Галаев-полковникыр щІэзыкІар. Добровольскэр дунейм екьыжа нэужь, Ведено куейр щхьэхуэ ящІри, Галаевыр унафэщІу кьытхуагъэкІуащ. Ар лэжьакІуэ жьыдэжру кьыщІэкІри, занщІэу цІыху 500 иРырыгъэшащ, дыгъуэ хуэдэу пцІы зтрилъхьэри, а псомэ абрэджу кьаІэзззжри, Ведено Іэгъуэблагъэр яуфэбгъуащ. Аратти, ахэр кьэкІуэжьыну хуит имыщІыжу хьуакъым, езыр кьэкІуэн и пэ зэрахьа ІэнатІэхэм пэрыувжьын хуэдэу. А псор щІыжьыскІэсыжьи Галаевыр зищІысыр гурыІуэгъуэ хьун папщІэш...

«НэщІпхъуэ» плъыжь

ЗАЛЫМХЪАН зэрыпэлъэщІын Іэмалу щыІэр зы закъуэт - ар и кьанлыхэм (зыуКІыжьну хуейхэм) яІэрыбгъэхъэныр. Абрэджм псори зыуКІыж хабзэр я лъыщІэжьгъуэхэр. 1913 гъэм урысыдзэм хэту кьыкъуэкІащ Залымхъан и лъыщІэжьгъуэ зыузыбжьык осетин Кибировым Георгий. ГъуэтыгъуэйтІ кьэзакъ-осетину щыт Кибировым хуэдэ: чыристан щІалэ, бгырыс хабзэхэм щыгъаазэу. ИщхьэкІэ зи хьыбар кьекуэжІа Ведено куейм и унафэщІ Галаев-полковникыр абы и анэдэлъхьт, езыми, гува-щІэхами, абы кьыщыщІар и натІэ зэрыхьунур хьэкът. Хьарэынэу кьэсэбэпащ Кибировым офицер экзаменыр зэрыхуэмытари. ЗауэлІ унагъуэм кьыхэкІа щІалэм иджы лІыгъэ гуэр зэримыхьэм, и напэр текІынут.

Езы Кибировым игу кьызэригъэкІыжьмкІэ, ар Іуэхум 1913 гъэм пэрыхьащ, полкым и Іэтащхьэм и унафэ щхьэукІэ. Тэрч областым и унафэщІым кьыдигъэкІа тхыльым ипкъ иткІэ абы, кьызэрыщІэуущІэу, Іэщрэ зауэлІу зыхуейм хуэдиз иратын хуейт. Іуэхур апхуэдизкІэ яущэхуфати, Кибировым кьыдэІэпыкъу зауэлІи 100-м я нэхъыщхьэм ищІэртэкъым ахэр зэщакІуэр зэры-Залымхъанырщ.

Щэщэн-Пасхъэщхэхэм дзыхь ахэупщІ зэрымыхъунур ищІэу, Кибировым езым и щхьэкІэ хъыбар зэхуитхьэсын щІидзащ. ЯпэраУ, абы Залымхъан и унагъуэмрэ и бынхэмрэ кьашэжу кьуажэм кьыдагъэтІысыжьыну унафэ ищІащ. Ахэр лІыщІэжэгъуэхэм яІэримыкъэхьэн папщІэ, абрэджыр кьаухуэсакъынут, абы кьикІыр - япэгъунэгъуэ зекІуэнут. Иджыри Кибировыр щыгугъырт Залымхъан и хьэл-имыкъэлхэр, ар кьэзубыдыгъуафІэ зыщІынкІэ зэпхъуэ абы и щхьэпъуэсэм кьригъэІуэтэну. АрщхьэкІэ, унагъуэм лІыр здэщыІэр ящІэми, абы тепсэлъыхь я хабзэтэкъым. Арати, Кибировыр нэгъэщІ Іэмалым хуеІуащ.

«Гу лъыстат кьуажэхэм щІэх-щІэхьурэ гъунэгъуэр, благъэхэр зэхуэсурэ бысым гумащІэхэм я дежь жэщыр хэкІуэтэху зэрызыщагъэпсэхум. Ямылейуэ ар Шали кьуажэдэхэм я хьэлт. ЗэрымыщІэкІэ зэрихьэлІаэхэм хьыбарыщІэхэр зэІапхьырт, махуэр кьэс газет уеджэм хуэдэу», - игу кьыгъэкІыжьырт иужькІэ Кибировым. ИтІани, урысыдзэм хэт офицерым хэт дзыхь кьыхуищІу кьыдзэуэршэрынт? Кибировым кьызэрыгуэкІ кьуажэдэсу зыкьэкуэпащ. Залымхъан кьыщІувыІэ щэщэн унагъуэм ар щІэх дыдэу хэтэрей щыхьури, езы абрэджмэ хуэзэ щІалэхэр цІыхугъэ кьыхуэхьуащ.

Кибировым абыхэм я фІэщ ищІыну хэтт абрэджхэм яхьихьэну и мурад хуэдэу. Мо Іэщэ зыыгъыну хуимыт щэщэн щІалэхэм апхуэдэ хуитныныгъэ кьеэзыт тхьылъымпІэхэр кьахудихкІэрэ, я щэху кьыжраІэу хьуащ. ИкІэм-икІэжьым, Залымхъан хуагъэзэну елъэІуащ. Ар гуГъуэгъкым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абрэджыр «Іуэху щыхьыкъэ, Іуэсэкэр зырызу зригъэщІыхэрт...

1913 гъэм фокІадэм и 25 жэщым абрэджыр щыгъуэлъа унэр щыху 25-м кьаухъуреихьащ, Дагьыстэн шуудэхэм и Іэтащхьэ Кибировыр я пашэу. Жэщым сыхьэтІ 10-м зэрыкьуажэу дзэм «и фочыпэм тест». Уафэхьуэпскі щэту, уэшхыщхуэ кьеешхыт...

Зэхэуэр яублащ. ПщІантІэм кьыдыхьа абрэджым цІыху зыбжанэ иуІащ, Кибироври яхэту, ауэ езыри джэлащ. Пщэжджьжьым сыхьэтитху хьуху увыІакъым фочауэ макъыр. Асыхьэтым Залымхъаным и фочыр щым кьэхъуащ. ЯукІауэ кьафІэщІри, цІыху зыбжанэ еплъыну щагъэкІуам абрэджым и псэр хэкІатэжьым, ауэ бгъэдыхьа офицерхэр кьиуІа щхьэкІэ, ахэри Іэщэн щэтэжьым...

Псэ зыхьэмытыж Іэпхъалъпкъым шэ уІэгъэу 32-рэ телът, и щхьэкъупщхьэм щих пхыкІат. Макаев Магомед «Залымхъан» зыйтща и тхылым гъэщІэгъэуну кьыщІеуэтэж абрэджым и иужьрей дакьикъэхэр:

«Топыр уэрэ, Залымхъан джэлащ. Асыхьэтуи кьыщІыльэтыжри, и бийхэм штху ятрнутІыпщхьащ. АдэкІэ псори пщІыхьэпІэм хэту кьэхъуи хуэдэт. Толышэ макъ кьоІу, абрэджыр мэджалІэ, занщІэу кьыззэрІоувэжри, и фочауэ макъыр зэпымыууэ зэхьибох. Дакьинкъэ тІощІкІэ апхуэдэ защІэу еКІуэкІащ. ИтІанэ офицерхэм яз «Ура-а-а!» жиІэу щІопхъуэ. Залымхъан кьарууэ кьыхуэнэжьамкІэ зыкъеІэтри, ар зы кІэрахьуэшхэ хегъащІэ. Псорп зэрфжкІат: уІэгъэ кьомым кьыщида лъым абрэджыр зы нэщпхъуэ плъыжь гуэру кьыпфІигъэщІырт... Ар захуэу кьызэфІэувэри, «Ясным» кьеджэурэ и бийхэм къапежьащ...

- Фыгъэуль! Фыгъуэль! - гужьеяуэ кьыхэкІиткІащ Кибировыр, мэкъу Іэтэм зыкъуигъапщкІуэрэ.

Залымхъан-тІэ и бийхэм кьаухъкІуигъэ кьеджэрт: «Ясин! Уаль кьурІаниль хьэжим. Иннэкэ лэминаль мурсалинн...» Иджыри зы ІэмэкІ ящІ макъ кьэІури, Залымхъан и фочым техуащ. Ясным и псальэхэри зэпыуащ. Ауэ иджыри зыкъомрэ зы сэлэти зы офицери тегушхуакъым абрэдж хьэдэм бгъэдыхьэну. И псэр хэмытыжуи абрэджыр и бийхэм я дежь ІэмэкІ шынагъэтэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Залымхъан и хьэдэм щхьэщытщ ар зыыкІаехэмрэ абрэджым и благъэхэмрэ. *1913 гъэ, фокІадэм и 26*

Залымхъанрэ абы и шымрэ хуагъэува фэепІлыр Шали кьалэм дэтщ. *2013 гъэ*

Тхыдэр къызыхэщ хьэпшыпхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балкъэрым и Лъэпкъ музейм щекIуэкIащ «Кавказым и тхыдэр къызыхэщ хьэпшыпхэр» гъэлъэгъуэныгъэр. Ар зи жэрдэмри къыззэыгъэпэщари Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм и Лъэпкъ музейрщ, Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу.

ОСЕТИЕ Ищхьэрэ-Алание Республикэм и Лъэпкъ музей 1897 гъэм къыззIухахэм и гъэтIылъыгъэхэм ящыщщ Налшык къаша тхыдэ-щэнхабзэ хьугъуэфыгъуэхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм къыззщеубыдэ жэз курыт лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ (ди эрэм и пэкIэ ещанэ илъэс миным) XX лIэщыгъуэм и пэщIэдзэхэм я зэхуакум хиубыдэ хьэпшыпхэр. Апхуэдэхэщ ди эрэм и пэкIэ етIуанэ илъэс миным щыIа, дуней псор зыщыгъуазэ Кобан (Осетием щыIэ къуажэщ) жэзыр, «Идолым и щхьэ» щIэрыIуэр (Нар къуажэм 1913 гъэм къыщагъэтар), курыт лIэщыгъуэм и пэщIэдзэм щыIа нэгъуэщI зыпшыпхэр. Выставкэм кьрихьэлIахэм зрагъэлъагъуну Iэмал яIащ V лIэщыгъуэм щыIа пхъэ уанэр, абджыкъм, ятIэм къызэщIыкIа хьэпшып гъэIэгъуэнхэр, жэз гъуджэр, археологие, этнографие, щэнхабзэ фэеплъхэр, щыхуэу, щыхубз фащэхэр, пыIэхэр, уагъэхэмкIэ; дамыгъэхэмкIэ, псэушъхьэм я тепIъэхэмкIэ гъэдэха бгырыпхэр, дыщэм, дыжьыным, жэзым къыхэщIыкIа цIуугъэнэхэр, мастежьуанщэ зэхуэмыдэхэр, зауэлI Iэщыхэр, мывэм къыхэщIыкIа джыдэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхъэм къыбжаIэрт осетинхэм я цIыхубэ гъуэджэр зэрыкъулейр, зэрыдахэр. Иджы ахэр гъуаэя яхуохьу Кавказым и иджырей декоративно-прикладнойгъуаэджэм и Iэпщlэлъапщlэхэм.

Сохиевэ Ларисэ зэхыхьэр къыщIыуех.

Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа хьэпшыпхэр.

Осетие-Ищхьэрэ Алание Республикэм и Лъэпкъ музейм и унафэщI **Сохиевэ Ларисэ** зэхыхьэ гуапэр къыщIэуиха нэужь, тепсэлъыхьащ «кобан щэнхабзэ» зыфIащам, 1869 гъэм Осетие щIыналъэм къыщыщIэуахауэ щытам, и мыхьэнэм. Цыху Iэпщlэлъапщlэхэм гъущIым, къупщхьэм, мывэм, жэзым, нэгъуэщIхэми кьыхащIыкIауэ къащIэнар зэрытелъыджэр жиIащ абы икIи кьыхигъэщащ мы тхыдэ щэнкэр Москва, Санкт-Петербург, Ставрополь, Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм щагъэлъэгъуэну зэрахъуэжфIэкIар.

ГъэздэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институтым и проректор **Эфендиев Фуэд** жиIащ осетин Iэпщlэлъапщlэхэм я хьэпшыпхэм, Кавказым и мызакъуэу, дуней псом и мыхьэнэ зэрыщIэр. Лъэпкъым и щэнхабзэ, гъуэджэ хъугъуэфыгъуэхэр зэрахъумам папщIэ музейм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ зэрахуэфащэр, щIыналъэм и тхыдэр щIэблэм ящымыгъэгъупщIнымкIэ абыхъэм кьалэнышхуэ зэрагъэзащIэр кьыхигъэщащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм хэтащ Осетие Ищхьэрэ-Аланием и Лъэпкъ музейм архитектурно-художественнэ Iэухухэмкlэ и къудамэм и лэжьакIуэхэу **Албеговхэ Тамерланрэ Маратрэ, Туаев Аэзмэт**, Осетие Ищхьэрэ-Аланием щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Келехсаевэ Эммэ**, тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъхэр хъумэныкIэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм КъБР-м щиIэ щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Созаев Ахьмэт.**

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Выставкэм кьрихьэлIахэр.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Щэнхабзэ

Псоми я зэхуэдэ Iуэху

«Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупIэмкIэ парк зэгухьэныгъэ» автономнэ Iуэхущ1ап1эм (АУ ОПКиО) и дэж къыщызэрагъэпэщ Жылагъуэ совет, лэжьын хуэмурэ ахэр зэфIэха зэрыхъунымрэ щIыхуэхэр тегъэпсэлъыхьыныр и къалэн нэхъыщхьэу.

АР ЗИ жэрдэмыр Фейсбук соцсайтыр къззыгъэсэбэпхэм ящыщу «Республикэр - псоми я зэхуэдэ Iуэхуц» жаIэу зэкъуэува цIыху жыджэрэщ. А гукъэкIыр ядиIыгъащ АУ ОПКиО-м и унафэщI Хочуев Хъызыр. Советым и фIыгъэ паркым екIыну кьелъыта Хочуевым, ар щхьэпэнущ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щынэхъ ин дыдэ зыгъэпсэхупIэм зэрызебгъэуэмыфынум ехьэлIауэ цIыхухэм я Iуэху еплъыкIэр ящыщIэныкIэ. Жыпlэнурамэ, унафэщIэхэм жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ я Iуэхущафэ псори зыкуэунэтIауэ щытынур паркым къикьхэхэм я гукъыдэжыр кэлэтэнырщ, я гум щыIу щIыпIэм зыщагъэпсэхунырщ.

Зэгухьэныгъэм хагъэхьэнущ республикэм пщIэ щызиIэ Iуэхущхэр, ныбжьыщIэ жыджэрхэр, жыг хадэ зыгъэпсэхупIэхэм я Iуэху зыгетыр зыфIэгъэщIэгъэнэр, псэушъхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ хъумэным гулыIэ хуэзыщIкэр.

ГЕРГОКОВ Руслан.

«Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупIэмкIэ парк зэгухьэныгъэ» автономнэ Iуэхущ1ап1эм и пресс-Iэнатlэ.

Тэрч районым къыщапщытэжащ школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ зэхьэзэхуэхэм кьрикIуаэхэр. Абы жыджэрэу хэтащ курыт еджапIэ 20-м я сабийуэ 1812-м нэс.

Урысыбзэм дихьэххэр

7-11-нэ классхэм щеджэхэм збгъэдэлъ щIэныгъэр лъэныкъуэ 21-кIэ къапщытащ. Нэхъыбэ зэхуэзыщIэар урысыбзэмкIэ екIуэкIа олимпиадэрщ. Абы я зэфIэкI щагъалъэгъуащ школакIуэ 168-м.

Щыналъэ зэхьэзэхуэхэм увыпIэ нэхъыщхьэ къыщыхьащ Тэрч къалэм дэт курыт еджапIэ №2-м. СОШ №3-р - етIуанэщ, лицей №1-р - ещанэщ. Апхуэдэу зэфIэкI хъарзынэхэр згъэлъэгъуащ Инарыкъуей, Абейкъуажэ къуажэхэм дэт еджапIэхэми. Районым щытекIуахэр иджыпсту хэтщ урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ зэпеуэхэм.

ШЭРЭДЖ Днсэ.

● Iэпщэрыбанэ

Америкэм зыщегъасэ

Iэпщэрыбанэмкlэ Евразием и чемпион Туменов Альберт Америкэм и Штат Зэгуэгъэхэм щыIэщ. Урысейм и спортсмен нэхъыфIхэм ящыщ ди лъахэзэгъум къыпэщылъ абсолютнэ чемпионатым (UFC) екъэлIа кIэух зыгъэсэныгъэхэр абы щригъэкIуэкIынущ.

ЗЭПЕУЭМ зыщыхуигъэхьэзырынущ Нью-Джерси штатым щыIэ K-Dojo клубым. Дуней псом щыцIэрыIуэ а клубым и кьыззгъэпэщакIуэщI икIи и тренер нэхъыщхьэщ Кьэрошей-Шэрджэсым щиIэ спортсмен лъэщ, Европэм тхэкIвондомкIэ и чемпион КIэщт Мурат.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, Туменов Альберт UFC дунейпсо зэгуэгъэныгъэ пэрытым зэIущIи 6-м теухуа контракт ирищIылIащ. Бразилием щекIуэкIыну UFC Fight Night 36 зэпеуэм Альберт хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуащ илъэс 31-рэ зи ныбжь, Бразилием щыщ Илдемар Алькантарэ.

- Алькантарэ Iэзагъ зыбгъэдэлъ спортсменщ, фIыуэ мэзауэ, мыелйуэ иобгъэрыкIуэ. Си гугъащ зэпеуэ екIу кьэдгъалъэгъуэну, - къыхигъэщащ Туменов Альберт.

ЗэIущIэр 2014 гъэм мазаем и 15-м екIуэкIынущ.

КУЖОНОВЭ Эльмирэ.

● ХъыбарегъащIэ

ЛIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа «ГъащIэм и гъуэгу»

Ленинград къэзыгъэлъагъуэ щыта фашист зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 70 зэрырикъуар зэрагъэлъапIэм щыщ щыта Iуэхугъуэщ Ямэ каналымкIэ къагъэлъэгъуэну «Ладога» художественнэ фильмыр.

РЕЖИССЁР Велединский Александрэ продюсер Тодоровский Валерэрэ я фильмыр траухуащ Ладогэ гуэлым кIуэцIрыкIыу щыта, лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа «ГъащIэм и гъуэгум». Биим къиувыхьа кьалэм дэсхэм ящыщхэр къызэрыдашри, абы щылажьэ, щызауэ, щыпсэу цIыхухэр зыхуеинухэр, ерыскъым къыщыщIэдзауэ зэрызэуэну Iэщэм щыщIэкIыжу, зэрагъэгъэхьэри а гъуэгурат. Абы щыгъуэми, нэмыщэ артиллериемрэ авиацэмрэ къеуэу, мылым кIуэцIрыхухэу, дакъикъэ къэс псэзэпылъхьэнIэ ихуэу.

Фильмым роль нэхъыщхьэхэр щагъэзэщIащ актёр цIэрыIуэхэу Мерзлякин Андрей, Серебряков Алексей, Раппопорт Ксение, нэгъуэщIхэми.

Лэжьыгъэр тезыхахэмрэ абы хэтахэмрэ я дежкIэ ар фильм къудейкъым, атIэ лIыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ зыхэлъа цIыхухэм я гъащIэр зыхащIэнымкIэ дерсыфIщ.

Фильмым и яп сериер УФ-м исхэм ялъагъунущ щIышылэм и 27-м сыхьэт 21.30-м щIидзэу.

ЩIэблэм я зэпщIэныгъэр ягъэбыдэн, ленинграддэхэм зэрахьа лIыгъэм и тхыдэ фэеплъхэр яхъумэн мурадкIэ, Печатымрэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкIэ комитетым (Санкт-Петербург) Ямэ каналым щIыгъуу урысейпсо пиар-кампание ирегъэкIуэкI.

Санкт-Петербург щIышылэм и 9-27-хэм мы фильмым теухуа хъыбарегъащIэ Iэмал зэхуэмыдэхэр кьагъэсэбэпурэ кьат, кьагъэлъагъуэ.

Урысей Федерацэм и щIыналъэ 40-м щIигъу хэтщ а пиар-кампанием: рекламэ рынокым и оператор нэхъыфIхэм рекламэ плакату 1200-м нэс ягъэлъэгъуэну Iэмал яIэщ.

Биим къиухъуреихьа кьалэр щхьэхуит къззыщIыжа лIыхъужьхэм я зэфIэкIыр къэралым и тхыдэ напэкIуэцI лъапIэхэм зэращыщыр хьэкъ ящыхьунущ мы фильмым еплъынухэм. Апхуэдэу жыуегъэIэ фильмым а зэман хьэлъэр гъуджэм хуэдэу кьищын папщIэ, актёркIи, кьаIуатэ хъыбарым и купщIэкIи, зауэ лъэхъэнэм щыIа машинэхэмрэ зэрахьа хьэпшыпхэмкIи зыхуей хуэзэу фильмыр зэрытрахам.

● Бахьсэн щIыналъэ

312-кIэ хохъуэ

Бахьсэн кьалэм и школ-интернат, сабий унэ, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ Iуэхущ1ап1эхэм щыщ сабий 312-р «Солнышко» сабий журналым и щIэджыкIакIуэ хъунущ.

ЖУРНАЛЫМ Iэ традзэн Iуэхур Iуэхущ1ап1эхэм къохъулIэ Бахьсэн кьалэм и Щ1ал эгъуалэ советымрэ Щ1ал эгъуалэ администрацэмрэ къыхалъхьа «Дыгъэр» кьепсын папщIэ» Iуэхум и фIыгъэкIэ.

Щ1ал эгъуалэм ирагъэкIуэкIа Iуэху гуапэм хыхьащ тыкуэныш хуэхэм щыхьэхэмрэ уэрамым ирикIуэхэмрэ. Бахьсэн кьалэм дэс цIыкIуэм яхуэупсащ «Солнышко» журналым и кьыдэкIыгъуэ зырызкIэ.

Щ1ал эгъуалэ советым хэтфIэщмыхъу Рустам къызэрыхигъэщащ. Iуэхур къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балкъэрым ис сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я узынщагъэр зэрырагъэфIакIуэ, я зыгъэпсэхугъуэр къызэрызэрагъэпэщ щыкIэм «2011 -2015 гъэхэм зеГъэужьын» республикэ программэм щыщ пэжыгъэщ.

ДРОГУЭ Артур.

● Гу зылъытапхъэ

Пщыхьэщхьэм фрагъэблагъэ

КъБР-м щыщу Абхъаз зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэм фрегъэблагъэ «XX лIэщIыгъуэм и иужьрей лIыхъусэжьхэр» документальнэ фильмыр утыку къыщрахьэ пщыхьэщхьэм зыкъеригъэхьэлIэну. Ар щIышылэм и 30-м сыхьэт 18-м къыщызэIуахынущ Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм (ЩоджэнцIыкIум и уэрам, 28).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Дзэм къулыкъу щызыщIэнухэр къыхах

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и Iуэхущ1ап1эу Налшык къалэм щыIэм дзэм къулыкъу щызыщIахэу зи ныбжьыр илъэс 40-м фIэмыкIахэм ящыщхэр кьыхах, контракткIэ дзэм къулыкъу щащIэну игъэкIуэн папщIэ.

Дзэм контракткIэ къулыкъу щызыщIэну хуейхэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и Iуэхущ1ап1эу Налшык дэтым зыхуагъэзапхъэщ.

Адресыр: КъБР, Налшык къалэ, Уэлдэкырым и уэрам, 26, 43-нэ пэш.

Телефоныр: 44-10-83.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ЩIыхубз лIыукIыр яубыд

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и дзжьакIуэхэм 1965 гъэм кьалъхуа, Прохладнэ къалэм щыщ щIыхуэхъур зыукIар сэтей кьащIащ.

СЭ УГЭГЪЭ куэд зытеть щIыхуэхъур кьалэ сымаджэщым и хирургие къудамэм нагъэса щхьэкIэ, сыхьэтитI дэкIри, игъуэта фэбжьым зыкъымыщIэжу иIыкIащ.

Къэхъуар щызэхигъэкIым зэраубзыхуамкIэ, а уIэгъэхэр абы тридзащ а щIыпIэм щыщ, 1983 гъэм кьалъхуа щIыхубым. Ар кьрикIуащ фадэ эдефа нужькIэ абыхэм яку кьыдэхъуа хьэлэбдыкъым.

ЦIыхубзыр яубыдащ, щIэпхъаджагъэр зэрилэжьа зэрыпщафIэ сэр кьытрахащ.

Наркотикхэр кьытрах

**Урысей МВД-м Шэрдж районымкIэ и къудамэм и полицейхэм «Домостроитель» дачэ посёлкэр кьыщащытэм, нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, зыщIыпIи щымылажьэ налшыкдэсым и куртко жыпым кьрахащ щIэныгъэ къызыхих вещество зэрыльэ полимер пакет фIыщIэ.

ЭКСПЕРТИЗЭМ къызэрригъэлъэгъамкIэ, ар грамми 142,6-рэ хьу марихуанэ наркотикхэкIщ.

Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ и къудамэм и полицейхэм а махуэ дыдэм Нарткъалэ, Жамборэм и цIэр зезыхьэ уэрамым и губгъуэ лъэныкъуэмкIэ, кьыщагъэувыIащ 1980 гъэм кьалъхуауэ а щIыпIэм щыпсэур икIи удзыфэ-фIыщIафэ вещество зэрыльэ пластмасс птулькIэ кьыкьуахащ. Экспертхэм къызэрахутамкIэ, ар грамми 147,3-рэ хьу марихуанзу кьыщIэкIащ.

Iуэхугъуэм Iми теухуа уголовнэ Iуэхуэр кьаIэтащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэхэмкlэ министерствэм и КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

● Щэнхабзэ

Псоми я зэхуэдэ Iуэху

«Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупIэмкIэ парк зэгухьэныгъэ» автономнэ Iуэхущ1ап1эм (АУ ОПКиО) и дэж къыщызэрагъэпэщ Жылагъуэ совет, лэжьын хуэмурэ ахэр зэфIэха зэрыхъунымрэ щIыхуэхэр тегъэпсэлъыхьыныр и къалэн нэхъыщхьэу.

АР ЗИ жэрдэмыр Фейсбук соцсайтыр къззыгъэсэбэпхэм ящыщу «Республикэр - псоми я зэхуэдэ Iуэхуц» жаIэу зэкъуэува цIыху жыджэрэщ. А гукъэкIыр ядиIыгъащ АУ ОПКиО-м и унафэщI Хочуев Хъызыр. Советым и фIыгъэ паркым екIыну кьелъыта Хочуевым, ар щхьэпэнущ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щынэхъ ин дыдэ зыгъэпсэхупIэм зэрызебгъэуэмыфынум ехьэлIауэ цIыхухэм я Iуэху еплъыкIэр ящыщIэныкIэ. Жыпlэнурамэ, унафэщIэхэм жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ я Iуэхущафэ псори зыкуэунэтIауэ щытынур паркым къикьхэхэм я гукъыдэжыр кэлэтэнырщ, я гум щыIу щIыпIэм зыщагъэпсэхунырщ.

Зэгухьэныгъэм хагъэхьэнущ республикэм пщIэ щызиIэ Iуэхущхэр, ныбжьыщIэ жыджэрхэр, жыг хадэ зыгъэпсэхупIэхэм я Iуэху зытетыр зыфIэгъэщIэгъэнэр, псэушъхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ хъумэным гулыIэ хуэзыщIкэр.

ГЕРГОКОВ Руслан.

«Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупIэмкIэ парк зэгухьэныгъэ» автономнэ Iуэхущ1ап1эм и пресс-Iэнатlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Жылаэс Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэз), **ЖьэкIымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэз), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэз), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замир, Хьжьыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ яратыгъэ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIым я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щытекым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балкъэр щIыналъэ Iуэхущ1ап1эм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэмыхэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэру Щоджэн Заирэ (1, 2, 3-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (4, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.662 ● Заказ №107